*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№49 (60517) * 2019 с. * 9 декабрь * 12 рабигIул ахир * 1441 с. * итни *

## ЭНЕРГЕТИКАЗУЛ КЪО

**Гьаб соналъул 15 декабралда нилъер улкаялда кIодо гьабула энергетиказул къо. Гьеб къо хасго нилъер районалъе кIвар бугеблъун ккола, щайгурелъул лъеберабилел соназда нилъер хIурматиял умумуз кьучI лъураб Хьаргаби ГЭСалъ кьураб токалъ мугIрузул районазул росаби къалъизарурал ругеллъун. Хьаргаби ГЭСалъ, северияб Кавказалда тIоцебесеблъун кколеб лъел электростанциялъ, кьучIдасанго хисизабуна республикаялъул экономика ва культура.**





Ракь хIалтIизабун ва гIи – боцIи хьихьун яшав гьабун гурони цогидаб махщел жидер букIинчIел нус-нус магIарулазе рес щвана анцI – анцI батIи-батIиял махщелал хIалтIизаризе, заводал, фабрикал хIалтIизаризе. Хьаргаби ГЭС кидаго букIана ва буго нилъер районалъул чIухIи, гьелда киназго абула ГОЭЛРОялъул цебехъан абун. Лъедасан цIа лъугьунаро, гIор нахъ буссинабизе гIадамазда кIоларин, Аллагьасда гурони, большевикал диналъул рахъ ккурал гьечIин гьезда гIоралъе сангар лъезе бажаризе гьечIилан гаргадулаан дол соназда ругел гIемерисел нилъер умумул. Хьаргаби ГЭС базе кьучI лъун хIалтIаби байбихьаралдаса, гьеб стройкаялда кутакал цIадал ран, иххал щун стройкаялъе кинаб букIаниги зарал ккараб-го гIадамазда гьоркьор харбал тIоритIулаан Аллагьасул ццин бахъун кколел ругел балагьал рихьулищ абун.

Дол рикIкIада соназда мугIрузул районалда Хьвар-тадерил кIалахъ базе бугеб гидроэлектростанциялъул нилъер умумузул хIалбихьи букIинчIолъиялдалъун байбихьуда хIалтIизе рачIана нус-нус Россиялдаса, Украиналдаса ва цогидалги вацлъиялъул хIукуматаздаса специалистал, цоги чIахIиял захIмалъаби рукIана ГЭС балеб бакIалде техника хьвадизе нухал гьечIолъи.

Газа-раханалъги, чуял – хIамузги, халкъалъул букIинеселде бугеб кIудияб хьулалъги кIвахI тун хIалтIарал нилъер умумузул сайгъат ккола жакъаги чIухIадго хIалтIулеб Хьаргаби ГЭС, нилъ чIухIизе ва умумузе баркала кьезе ккола гIадамасул квералъул хIикмалъи, Хьаргаби ГЭС борхаралъухъ, сверухълъи «Ильичил» чирахъаз гвангъизабуралъухъ. Сонал ана, чIахIиял галабигун цебетIун унеб буго Дагъистаналда энергетика.

Цоялда хадуб цояб ралел руго лъедалъун хIалтIизарулел цIи-цIиял электростанцияби. Жакъасеб къоялда токалъ халкъалъул гIумруялъулъ тIубалеб къваригIелал гIемерал руго. Хьаргаби ГЭСалъ лъолеб бутIаги кIудияб буго.



## БАРКУЛА!

Щибаб соналъул декабралда лъабабилеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула энергетиказул къо. Гьеб кIодо гьаби хасго нилъер районалда кIвар бугеблъун ккола. Ункъоголдасаги соназ мугIрузул районазул росаби къалъизарун руго Хьаргаби лъел электростанциялъ кьолеб токалъ. Дагъистаналда тIоцебесеблъун кколеб Хьаргаби лъел электростанциялъ кьучIдасанго хисизабуна магIарулазул экономика ва культура.

Ракь хIалтIизабун ва гIи- боцIи хьихьун яшав гьабун гурони цогидаб махщел жидер букIинчIел нус – нус магIарулазе щвана батIи – батIияalthough энергетиказул, бакIал ралъул ва цогидалги махщелал.

РакI – ракIалъго баркула киналго районалъул энергетиказда профессионалияб байрам. Гьарула нужее щулияб сахлъи хIалтIулъ лъикIал хIасилал, рокьоб рохел, аваданлъи, гьарзалъи.

Биччанте гIадамазул рукъзабахъ кидаго камичIого букIине хинлъи ва канлъи.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетIер**

## Дагъистаналъул гидроэнергетикаялъул тарихалдаса:

**— 22, 01.1921 с.** – Дагъистаналъул Ревкомалъ гьоркьоблъун хал гьабуна ГОЭЛРОялъул планалъул ва къабул гьабуна Дагъистан токалдалъун хьезе гьабиялъул план - проект.

**— 16.07.1921 с.** – гидрологазул тIоцебесеб къукъаялъ байбихьана Самур гIор лъазабиялъул хIалтIаби.

**— 13. 06. 1925 с.** – СССРалъул «Главэнергоялъ» хIукму къабул гьабуна Дагъистаналъе 1 млн. льготаялъулаб кредит къезе гьенир гIисинал 5 ГЭС базе.

**— 16. 10. 1926 с.** - ВКП (Б)ялъул обкомалъул цолъараб пленумалъ хIукму гьабуна 5 гьитIиналъул бакIалда Хьвартадерил жаниблъиялда цо кIудияб ГЭС базе.

**— 03. 1927 с .-** Хьаргаби ГЭС баялда тIад хIалтIана ва тIоцебесеб проект рагIалде бахъинабуна инженер Лукинил нухмалъиялда гьоркь.

**— 27. 06. 1927 с.** – РСФСРалъул экономикияб советалъ къабул гьабуна Хьаргаби ГЭС базе.

**— 05. 08. 1930 с.** – Тоннел гьабизе тIоцебесеб кьуру кьвагьана.

**— 19. 08. 1930 с.** – ТIоцебесеб «Дагъэнерго» гIуцIараб замана.

**— 19. 07. 1938 с.** – Хьаргаби ГЭСалъул тIоцебесеб агрегат хIалтIизе биччана жидерго хIажалъабазе.

*спорт*

# КЪЕЦАЛ ТIОРИТIАНА

**Щибаб соналда районалъул администрациялъул физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъ, районалъул лъайкьеялъул управлениялъ тIоритIула районалъул цIалдохъабазда гьоркьоб волейбол хIаялъул къецал.**

Дагъаб цебегIан тIоритIун рукIана васазда гьоркьоб къецал. Гъал къоязда тIобитIана ясазда гьоркьобги.

Къецазул байбихьудаго бихьулеб букIана ГIаймакиб, Курмиб ва КIикIуниб росдал командабазул бергьенлъи босизе бугеб гьира, махщел, бажари. ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалде бачIана Курмиб школа – интерналъул ясазул команда, кIиабилеб бакI ккуна КIикIуниб гьоркьохъеб школалъул командаялъ ва лъабабилеб бакI босана ГIаймакиб гьоркьохъеб школалъул командаялъ. Бергьенлъи босарал ва призалъулал бакIазде рачIарал командабазул гIахьалчагIазе кьуна кубок ва хIурматиял грамотаби.

**Суратазда**:
Волейболалъул къецазда





*сахлъи цIуниялъул дарсал*

# БИ ДАГЪЛЪУН БУГОНИ

**Бищунго тIиритIарал унтабазул цояблъун ккола би дагълъи (анемия). ГIемерисез гьеб, захIматаб унти гуринги абун, кIвар кьечIого тола, ахир-къадги сунде гьелъ рачине бегьулебали лъангутIиялъ. Тохтурзабаз бицухъе, би дагълъиялъе гIиллалъун букIине бегьула гармоналиял хиса-басиял, кванирукъалъулгун бакьазул, тIулал, ургьисалазул унтаби, климакс байбихьи.**

Би дагълъизе бегьула операция гьабидалги, гьеб бараб букIуна кваналеб кванидаги. Би дагълъийилан абула бидулъ багIарал клеткаби дагълъиялда. Би дагълъи букIине бегьула инфекциялъул ва онкологиял унтабазул гIаламатлъунги. Гьединлъидал, гьеб сах гьабилелде цебе тIолабго чорхол халшал гьабизе ккола. Би дагълъи букIуна батIи-батIияб тайпаялъул, гьединлъидал, сах гьабилелде, тохтурзабаз цин гьеб кинаб тайпаялъулали мухIканго чIезабизе ккола.

Би дагълъиялъул гIаламаталлъун ккола рухI тIагIун лъугьин, хехго свакай, хехго ццидахин, гIемер кьижизе бокьи, бетIер сверун, унтун лъугьин, гIундузда жанир батIи-батIиял сасал рагIи, беразда цере чIегIерал тIанкIал лъугьин, хасго циндаго тIаде рахъиндал, гьитIинабго хIалтIи гьабидал ракI хехлъун лъугьин. Би дагълъиялъул гIаламатазул хасият бараб букIуна гьелъул тайпаялдаги.

Би дагълъиялъе тохтурзабаз дараби хъвала кинаб тайпаялъул гьеб бугеб халги гьабун. Бищунго гIемер дандчIвала махх мукъсанлъиялъул хIасилалда би дагълъи. Хасго гьеб букIуна лъимаде ругел руччабазул. Гьединазе хъвала махх гъорлъ ругел дараби. Би дагълъи сах гьабиялъе кIвар бугеблъун ккола чорхое къваригIунел витаминаздалъун ва цогидал жалаздалъун бечедаб квен кванай.

Дагълъараб би, ай гемоглобин цIикIкIинабиялъе тохтурзабаз хъварал дарабазда цадахъго гьаризе бегьула халкъиял дарабиги. Би дагълъи гIемер мехалъ сах гьабичIого тезеги бегьуларо. Би дагьал гIадамал хехго унтула, гьезде хехго рахуна инфекциял.

Чорхол хIал нахъе ккей гуребги, ахирал соназда гIалимзабаз чIезабун буго би дагълъиялъ рекIее квешаб асар гьабулеблъи, заманалдасан гьелъ батIи- батIиял рекIел унтабазде рачунеблъи. Би дагьаб букIуна лъимаде йигей щийай ункъабилей – щуабилей чIужугIаданалъулги. Хасго гьез бегьуларо гьеб кIвар кьечIого тезе, щайгурелъул, гьезул черхалъе кIиго нухалъ цIикIкIун къваригIуна махх ва цогидал, жал мукъсанлъани би дагълъулел жал. Эбелалъул чорхолъ гьел гIураб къадаралда гьечIони, лъимералъеги гьел мукъсанлъула, лъимерги гьабула загIипаб, гIураб цIайи гьечIеб, чорхолъ би дагьаб. ХIинкъи букIуна анемия бугел руччабаз лъимал заман щвелелдего гьариялъулги. Гьединлъидал, гьез гьеб гIузру чара гьечIого сах гьабизе ккола.

**Би дагълъи сах гьабиялъе халкъияб медицинаялъул руго гьадинал малъа - хъваял :**

I. Ламадурги, багIараб чIакIултIанги, чIегIераб талганги хъвагIавалъ хачала. Гьездаса цIцIурал соказул бащабащадаб къадар хьагинибеги тIун, бащдаб сагIаталъ гьоркьохъеб къагIидаялъ боркьараб корониб лъела, тIалъелги дагьабго рагьун тун. Гьелъул цо-цо кIудияб гъуд гьекъела къойида жаниб лъабго нухалъ кваналелде бащдаб сагIаталъ цебе. Гьедин гьекъела лъабго моцIалъ.

2. Алоэялъул сокалъул I50 миллилитрги, гьацIул 250 граммги, «Кагоралъул» 350 миллилитрги жубазабила. Гьелъул цо-цо кIудияб гъуд гьекъела къойида жаниб лъабго нухалъ, кваналелде цебе.

3. ГIинтIидул кIиго кIудияб гъудалде тIаде тIела гьалараб лълъел цо стакан. Дагьаб мехалъги тун, чай гIадин гьекъела. Гьелде лъим чанцIулго тIун гьекъезеги бегьула.

4. Хъуризабураб цикорий харил сокалъул цо кIудияб гъуд, рахьдал стаканалда гъорлъги жубазабун, багъарила. Гьеб къойиида жаниб лъабго нухалъ гьекъон лъугIизабила. Гьаб даруялъ кумек гьабула черх загIиплъидалги би дагълъидалги.

5. Маялда бакIарараб юшан харил (полынь) 100 грамм , 45 % процентaлъул спиртaлда (500 мл. ) гъорлъ жубазабила, лъугьине ва тIокIкIине тела 21 къоялъ бецIаб бакIалда. Гьекъела мачIикьего, 50 миллилитр лъеда гъорлъе 1-5 къатIраги тIинкIун.

6. ЛъабгIиналъул тIогьол багIарал бутIрузул I0 граммги босун, гьелда тIаде тIела гьалараб лъел цо стакан. ТIокIкIине тела 45 минуталъ, цинги цIцIвила ва гьекъела 2 кIудияб гъуд цIураб тIокIкIел къойида жаниб 3 нухалъ.

7. Бащадаб къадаралда чIегIераб смородинаялъул, багIараб жаккиялъул, гири-гараялъул сокалги журазарун, гьекъела къойида жаниб 2 нухалъ бащабащадаб стакан.

8. Журазарила жаккиялъул пихъил 4 кIудияб гъуд, гIинтIидал 5 гъуд , чIегIераб смородинаялъул 4 гъуд, юшаналъул (полынь) 2 кIудияб гъуд. Гьел хурдул журараб жоялъул 20 граммалъе 500 грамм хIисаб гьабун лъимги тIун тIокIкIел гьабила. Гьекъела, стаканалъул ункъил бутIа хIисаб гьабун, къойида жаниб 3 нухалъ 2-3 моцIица. Бидурихьал рацIцIад гьаризе.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**




# ИДРИС НАИБ РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ КЪЕЦАЛ

**30 ноябралда МахIачхъала шагьаралда тIобитIана районалъул столалда тIад теннис хIаялъул рахъалъ чемпионат. Гьел къецал гIуцIана «Молодежь Гергебильского района» общественнияб гIуцIиялъ Идрис Наиб ракIалде щвезавиялда хурхинеги гьабун.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Муфтияталъул мугIрузул территориалияб округалда вугев лъай тIибитIизабиялъул отделалъул нухмалъулев М.КIудагIумаровас, районалъул имам М-З. Нурудиновас, районалъул бетIерасул заместитель А. Маликовас, «Молодежь Гергебильского района» общественнияб гIуцIиялъул председатель Ш. Кимаровас, районалъул росабазул иамамзабаз, гIолохъабаз. Къецазда гIахьаллъи гьабуна 70 ялдаса цIикIкIарав спортсменас. ХIалуцарал къецазул хIасилалда 2019 соналъул столалда тIад теннис хIаялъул районалъул чемпионлъун вахъана И. ГIабдулвагьабов, Хьаргаби росу. КIиабилеб бакI ккуна М. ГIабдулхаликъовас Хьаргаби росу ва лъабабилеб бакIалде вачIана Ш. Къурбанов Хьаргаби росу.

Призалъулал бакIал ккурал спортсменазе кьуна медалал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

**Сураталда:**
Къецазул гIахьалчагIи

# ИЗВЕЩЕНИЕ

## Об утверждении результатов определения кадастровой стоимости объектов капитальногостроительства, земел ьсельскохозяйственногоназначения, земельнаселенных пунктов на территории Республики Дагестан

В соответствии с Федеральным зааконом от 3 июля 2016 г. № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке», постановлением Правительства Республики Дагестан от 17 мая 2018 года № 48 «Вопросы Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан» и распоряжением Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан от 5 сентября 2018 г. № 106-р «О проведении государственной кадастровой оценки объектов капитального строительства, земель сельскохозяйственного назначения, населенных пунктов» **приказом Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан от 27 ноября 2019 г. №500** утверждены результаты определения государственной кадастровой стоимости следующих объектов недвижимости, расположенных на территории Республики Дагестан:

1 ) объектов капитального строительства соответствующим видам объектов недвижимости: здание, сооружение, помещение, машино – место, объекты незавершенного строительства:

2) земельных участков с категорией «земли сельскохозяйственного назначения»;

3) земельных участков с категорией «земли населенных пунктов». Указанный приказ размещен на официальном сайте Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан https://estate.e-dag.ru/ в разделе «Документы»/ «Государственная кадастровая оценка»/ «Об утверждении результатов определения кадастровой стоимости объектов капитального строительства, земель сельскохозяйственного назначения, земель населенных пунктов на территории Республики Дагестан» и официальном интернет – портале правовой информации **https://www.pravo.e-dag.ru** (2019, 28 ноября 2019 г №05032004940).

# Лъица кин гIумру гьабулеб?

**Нилъер гIемерисез рикIкIуна гIарабазул улкабазда кинаб бугониги демократия абураб жо гьечIин, гьениб тIалъиялъ халкъалда тIад зулму гьаби, чIвай-хъвей ва цогидабги вахIшилъи гIадатаб жолъун лъугьун бугилан.**

Гьединал гIунгутIаби камурал бакIалги ратиларо гьениб. Амма цо-цо гьадинал хIужабазда бер чIвайдал бичIчIула нилъ мекъи рукIин. Гьаниб кьолеб буго монархиялъулаб пачалихъ СагIудиязул ГIарабиялда хIукуматалъ халкъалъе чIезарун ругел шартIал:

♦ медсестраялъул харж - 10 000 доллар;
♦ щибаб цIи гьабураб лъимералъухъ кьола 70000 доллар;
♦ цIигIуцIараб хъизамалъе кьола 64000 доллар квартира босизе;
♦ жалго бетIергьанаб, хасаб бизнес рагьизе бокьаразе гьабула 5000 доллаларалъул кумек;
♦ чIахIиял налогал лъезе гьукъун буго;
♦ медицина ва лъай кьей чIезабун буго чIобого;
♦ улка тун къватIибехун цIали ва стажировка букIуна пачалихъалъул хIисабалдасан;
♦ гIемер лъимал ругел хъизамазе хасал тукаби рукIуна учузаб багьаялъул кванил нигIматал ричулел;
♦ заман арал кванил нигIматал ричаралъухъ лъола цIикIкIараб къадаралъул штраф;
♦ аптекабазул цо бутIа букIуна дараби чIорого кьолеб;
♦ гьересиял дараби (подделка) гьаруралъухъ чIвазе къотIула;
♦ квартираялъухъ гIарац кьезе кколаро;
♦ мехтулел гьекъолел жал гьаризе ва ричизе гьукъун буго;
♦ машина ва рукъ босизе росарал кредитазде тIаде процентал рачIунаро;
♦ риэлторазул хъулухъал гьукъун руго;
♦ босараб машинадул бащадаб багьа бецIула пачалихъалъ, халкъияб ополчениялъул гIахьалчагIазе 65 проценталъ;
♦ бензин букIуна лъедаса учузго, 1 литрадухъ-0,14 доллар.

*баркалаялъул кагъат*

# ДунгIан Аллагьги разилъаги

Гьаб соналъул ноябрь моцIалъул байбихьуда, дун захIматго унтун, ццидал приступалги рачIун вачана районалъул централияб больницаялъул хирургиялъул отделениялде. Дир бугеб ахIвал – хIалалъухъ балагьун хирург ХI-М. Набиевас хIукму гьабуна хехаб къагIидаялъ операция гьабизе.

Цо Аллагьасул талихIалдалъун дида тIад гьабураб квербагъари битIун ккана.

Дие бокьун буго районалъул централияб больницаялъул хирургиялъул отделениялъул киналго хIалтIухъабазе, хасго хирург ХI-М. Набиевасе ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Нужер тIадагьал кверазги, хIеренаб каламалъги, унтараздехун бугеб адабалъги, гIадамазул унти нахъе босизе бугеб махщелалъги дир рекIее кIудияб асар гьабуна.

ДунгIан Аллагьги разилъаги нужедаса, кьеги нужее сахлъи, рохаги нуж хъизан – лъималаздаса.

**ГI. ГIАБДУЛАЕВ, Къудукь росу**

*тохтурасул малъиял*

# ПРИВЫВКАБАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

**Лъималазда гьарулел прививкаби ккола лъимал рахунел унтабаздаса цIунизе гьабулеб кIвар цIикIкIараб хIалтIилъун. Гьеб кьучIое босун киналниги гIалимзабиги данделъун бахъун буго хасаб календарь жинда тIад кьури гьечIого бихьизеги гьабураб лъималаз чан сон бараб мехалда щиб прививка сунде данде гьабизе кколебали.**



Ахираб заманалда дагь – дагь ккун цIикIкIунел руго, лъималазда прививкаби гьаризе инкар гьабулел умумулги, гьелъие гIилла цо – цояз бачунеб буго телевизоралъ биценила къваригIунарилан, тохтурас абунила бокьани гурони гьабугеян, цогидаз абунила укол гьабун хадуб лъимер къасе квеш унтанилан.

Дида ракIалде ккола гьел умумузда бичIчIулеб гьечIин гьабичIого тараб мехалъ щиб кколебали.

Гьаниб абичIого гIоларо, гьел рахунел унтабазда данде лъималазда гьарулел прививкаби сабабалъеги ккун гуребищ тIадерахъи лъугIараб. Дифтерия щиб гьабуниги лъимал хвасар гьаризе кIулареб унти гьединго тIагIинчIищ, паротит ва лъугIулеб бугеб корь, полеомелит. Гьал тIадехун рехсарал унтабиги ва цогидалги рахунел унтаби руго жив унтун хадусала чIаго хутIун вугони гIумруялъулъ жив тIокIалъ гьеб унтуца унтичIого унтуда данде чIолел микробал чорхолъ хутIулел лъимал ва чIахIиял гIададамал.

Календаралда чIванкъотIун бихьизабун буго иммунитет дагьлъичIого букIине кигIан мехалдасан цоги прививка гьабизе кколебали.

РукIуна прививкаби черхалъул иммунитет цIунун хутIуларелги гьезда гьоркьоса тIоцебесеб иргаялда грипп – гьеб буго цо чанго тайпаялъул нилъеда лъалеб аниса гIебеде щолеб ккола – грипп цо чанго батIияб тайпа – свиной грипп, птичий грипп ва гь. ц. Гьезда данде гьарурал прививкабазул иммунитет цо лъагIалица горони букIунаро гьелдалъун щибаб хаслихъе гьаризе ккола унтилелде цере гриппалъул байбихьи чорхолъе ккараб мехалъ гьеб уколалъ гьабулеб дандечIей букIунаро унтилелде 15 – 20 къоялъ цебе гьабизе ккола. Нилъеца цебехун бицараб календаралъ рихьизарурал уколал заманалда гьаричIел, ялъуни инкар гьабурал умумузул лъималаца росулъе бачIараб рахунел унтаби хехго росула щайгурелъул черхалъул иммунитет гIураб гьечIого. Цо – цо умумуца Аллагьас хъван букIун батилилан абула, Аллагьасги гIамал гьабейилан абулелъулха.

Дие бокьилаан гьаниб абизе эбел – инсуца прививкаби гьаризе рачIараб мехалъ врачасда гьикъани бахунеб унтуца унтараб мехалъ лъималазе кинаб осложнение кьолебали.

Нилъеда лъала унтараб лъимер балагьизе бачIараб мехалъ тохтурас гьикъула цебе лъимер щиб унтуца унтараб абун, хасго цIехола рахунел унтабазул хIакъалъулъ осложнение кьун букIинеги бегьулелъул.

Гьел уколал гьарураб лъимаде щварал прививкаби тIад хъвараб карточка Ф №63 ялъуни сертификат къваригIуна яслиялде, интернатазде цIалун заведениябазде унел лъималазе. Гьеб документ гьечIони лъимералъул документал росичIого тезеги бегьула. Гьеб документги кьола поликлиникаялдаса, кагътида букIине ккола печать ва врачасул подпись. РакIалде ккола киналниги умумуца врачас ахIараб мехалъ, лъимал поликлиникаялдеги рачун гьаризе кколел прививкаби гьарилилан. КIочон тезе бегьуларо нужое гIадин цогидазеги рокьулелъул жидерго лъимал, гьел рахунел унтабаздаса цIунизе хIаракат бахъулеблъиги.

Гьаб ахираб соналъги тIадехун рехсараб календаралда тIаде жубан буго нилъеца квачалъул унтийин абулеб (пневмония) унтуда данде гьарулел прививкаби, гьелъие гIиллалъун ккун буго гьеб унти цо хасаб бахунеб вирус унтиялъ ккезе гьабулеб букIин чIезе гьабун. Гьуърул унтарал больницаялда регарал чиязул ва лъималазул бактероологическияб анализ гьабураб мехалъ ратулел руго цIикIкIарасел унтарал вирусалъ унтизарурал рукIин, гьединлъидал гьеб календаралде гьоркьоре рачун руго лъимал, тIоцебесеб прививка гьабула вакцинация – 2 моцI бараб мехалъ V2 – 4,5 моцI бараб мехалъ ва лъабабилеб ревакцинация гьабула – 1с. 3 моцI

(15 моцI) бараб мехалъ. Гьелдалъун гьаб тIадехун рехсарал прививкаби лъугIула. Дир гьари нужор лъималазе сахлъи. Кинабго жо лъазе бокьани лъималазул тохтурасда гьикъизе бегьула.

**МУХIАМАДОВ ХIамзат**
**Гъуниб районалда бугеб ФФБУЗ «ЦГ и Э»- лъул эпидемиологасул кумекчи**


**Подписка - 2020** **Подписка - 2020**

**Нилъеда киназдаго бичIчIулеб мацIалда къватIибе биччалеб газета ккола районалъул «Церехун» газета. Газеталъе аслиябги ккола подписчикал цIикIкIарал рукIин. Районалда ругел цIиял харбалги, гIагараб ракьалъул тарихги, исламияб диналъул дарсалги, лъималазе пайдаябги, гIолилазе насихIатги, пайдаял малъа-хъваялги, масхаро-хочIалъул макъалабиги кидаго камичIого рукIуна газеталъул гьумералда. Редколлегиялъ кинабго гьабулеб буго газета цIалулеблъун, цIализе гьира баблъун букIине.**

**«Церехун» газета кидаго букIана ва хадубккун букIине буго нужер унго-унгояб гьудуллъун, гIакълучилъун ва мугIалимлъун.**


Ассалам ГIалайкум!
ЦЕРЕХУН
ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА
СЕССИЯ ТIОБИТIАНА
ВОЛОНТЕРАЗУЛ ФОРУМАЛДА

***Хъвай ва цIале нилъерго гIагараб газета.***

**2020 соналъе газеталъул багьа:**

**ЛъагIалие:**
почалдасан - 532.10 гъур.
Редакциялдасан – 266.05

**Бащдаб лъагIалие:**
почалдасан - 266.04 гъур.
Редакциялдаса- 133.02 гъур.

**Редколлегия.**



**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIияв соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль. ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахьула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».*** **Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 5 декабря 2019 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00